



## VIL HOUSTON

### DEKLARASYON POLITIK TIT VI

Vil Houston (COH) nan pran angajman pou respekte Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 la, 49 CFR, pati 21, ak tout regleman ak direktiv ki lye yo.<sup>1</sup> Vil Houston nan asire ke yo pa dwe anpeche pèsòn patisipe, refize yo avantaj, oswa fè yo sibi zak diskriminasyon nan okenn pwogram Vil Houston nan, aktivite oswa sèvis sou baz ras, koulè, peyi orijin, sèks, laj, kwayans oswa mètriz nan Anglè. Anplis Vil Houston nan asire yo pral fè tout efò pou asire yo pa fè diskriminasyon nan tout pwogram li yo, aktivite ak sèvis yo, keseswa se pwogram sa yo, aktivite oswa sèvis ke gouvènman federal la finanse oswa pa finanse yo. Si Vil Houston nan bay fon asistans Federal la pou yon lòt vil, Vil Houston nan pral mete lang Tit VI an nan tout akò alekri yo epi pral kontwole yo pou asire yo konfòm. Vil Houston nan pran angajman tou pou asire yo fè tout efò pou anpeche diskriminasyon nan popilasyon ki gen fèb revni ak popilasyon minorite yo ki rive apati nenpòt enpak pwogram oswa aktivite li yo. Anplis, Vil Houston nan asire yo pral fè tout efò pou bay bon jan aksè pou moun ki gen Mètriz Limite nan Anglè yo.

Yo entèdi zak reprezay nan Tit VI nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil la ak otorite federal ak eta ki lye yo nan zafè diskriminasyon. Politik Vil Houston nan mande pou moun k ap depoze yon plent sou diskriminasyon yo kapab genyen dwa pou fè sa san yo pa pè zak reprezay, entèferans, entimidasyon, presyon, oswa vanjans.


#### Fòm Espesifik Diskriminasyon Yo Entèdi yo

Efò Vil Houston pou anpeche diskriminasyon yo gen ladan, men pa limite ak entèdiksyon:

- Refi sèvis yo, asistans finansye, oswa lòt avantaj yo bay nan yon pwogram.
- Distensyon nan kalite, kantite, oswa fason yo bay avantaj la.
- Segregasyon oswa separasyon moun nan nenpòt pati nan pwogram nan.
- Anpeche moun jwi nenpòt avantaj, privilèj, oswa lòt avantaj yo bay lòt moun yo.
- Diferan nòm oswa egzikans pou patisipasyon.
- Metòd administrasyon ki t ap dirèkteman oswa endirèkteman oswa atravè relasyon kontraktiyèl anpeche oswa nwi akonplisman objektif sou non-diskriminasyon an.
- Diskriminasyon nan nenpòt aktivite oswa sèvis ki lye ak otowout, enfrastrikti oswa etablisman ki konstwi oswa repare konplètman oswa an pati avèk finansman Federal la.
- Diskriminasyon nan nenpòt travay ki soti nan yon pwogram oswa sèvis, ke objektif prensipal li se bay travay.

#### Tit VI a Kouvri Pwogram ak Sèvis Vil Houston yo

Tit VI Vil Houston nan aplike nan tout pwogram antite a, aktivite ak sèvis yo, san konsidere sous finansman an.

  
John Whitmire, Majistra  
Vil Houston, Texas

  
Dat

<sup>1</sup> Regleman ak direktiv ki lye yo gen ladan sa ki swiv yo:

- *Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyadaptasyon an*, ki entèdi diskriminasyon sou baz andikap.
- *Tit IX nan Lwa 1972 sou Amanman Edikasyon an*, ki entèdi diskriminasyon sou baz sèks nan pwogram oswa aktivite edikasyon yo.
- *Lwa 1975 sou Diskriminasyon ki Baze sou Laj*, ki entèdi diskriminasyon sou baz laj.
- *Regleman Depatman Sekrite Enteryè a 6 C.F.R. Pati 19*, ki entèdi diskriminasyon sou baz relijyon nan pwogram sèvis sosyal yo.